ISSN:
2181-3906
2024

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 3 / ISSUE 12 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

# DENE TÁRBIYASI SISTEMASINDA HÁR TÁREPLEME TÁLIM HÁM TÁRBIYA BERIW USILLARI

**Jumaniyazov Dawranbay Qaljanbaevich**
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti
Dene mádeniyatı teoriyası hám metodikası kafedrası oqitiwshisi.

https://doi.org/10.5281/zenodo.14497060

***Annotatsiya****. Dene tárbiyası shınıǵıwları balalardı fizikalıq shınıǵıwlardı úyreniwdiń tiykarı bolıp esaplanadı. Shınıǵıwlardı áhmiyeti háreketler mádeniyatın, den sawlıǵın saqlaw, tálim hám tárbiya wazıypaların ámelge asırıwdan ibarat.*

*Shınıǵıwlar kewilli, tártipli, dógerek átirapta jaqsı háreket qıla alatuǵın, belgilengen wazıypaǵa muwapıq tez hám isenim menen, maqsetke qaratılǵan halda jumıs kórsete alatuǵın, sonıń menen birge, tárbiyalıq sıpatlar hám dóretiwshiligin kórsete alatuǵın shaxslardı tárbiyalawǵa xizmet* etedi.

***Tayanish so'zler:*** *Salamatlandırıwǵa qaratılǵan baǵdarda balalar salamatlıǵın bekkemlew wazıypaların orınlawda payda boladı. Sonıń ushın fizikalıq shınıǵıwlardı tańlawda bala organizmi hár tárepleme salamatlandırıwǵa qaratılǵan. Dene tárbiya shınıǵıwların jobalastırıwda salamatlıqtı bekkemlew nızamları esapqa alınǵan fizikalıq júkleme álbette esapqa alınadı.*

# METHODS OF CRUDE EDUCATION IN THE SYSTEM OF PHYSICAL EDUCATION

***Abstract.*** *Physical education activities were considered to be the basis of children's physical education. The importance of traditions consists in the preservation of the culture of movements, the health of the body, the implementation of educational and upbringing tasks.*

*The workers must be able to move in a smooth, orderly, circular manner, move quickly in accordance with the determined situation, be able to move in a goal-oriented manner, and then be able to move with me in a friendly, orderly manner. the corset served to educate individuals.*

***Key words:*** *In the evening dedicated to the greeting, the children were able to make sure that they were safe. Finally, the physical activities of the child's body are taken into account in the recognition of each movement. The physical training, which is taken into account in the implementation of the educational activities, is of course taken into account.*

# МЕТОДЫ НАЧАЛЬНОГО ВОСПИТАНИЯ В СИСТЕМЕ ФИЗИЧЕСКОГО ВОСПИТАНИЯ

***Аннотация.*** *Физкультурная деятельность считалась основой физического воспитания детей. Значение традиций состоит в сохранении культуры движений, здоровья тела, выполнении образовательных и воспитательных задач.*

*Рабочие должны уметь двигаться плавно, упорядоченно, кругообразно, быстро двигаться в соответствии с определенной обстановкой, уметь двигаться целенаправленно, а затем уметь двигаться вместе со мной дружелюбно, организованно. . корсет служил для обучения людей.*

***Ключевые слова:*** *В вечер, посвященный поздравлению, дети смогли убедиться в своей безопасности. Наконец, при распознавании каждого движения учитываются физические нагрузки организма ребенка. Физическая подготовка, которая учитывается при осуществлении учебной деятельности, конечно же, учитывается.*

Shaxstı hár tárepleme kamil insan etip rawajlandırıw balalarla fizikalıq qábiletin, háreket uqıpların hám kónlikpeleriniń rawajlanıwına járdem beretuǵın, balanı tárbiyalawdı birgelikte hám hár tárepleme tárbiyalawdı ámelge asırıwǵa birgelesken halda jandasıw kerek. Dene tárbiyası sistemasında bunday jandasıw kisilerdiń ózine tán ózgeshelikleri, ómirdiń ol yaki bul dáwirinde tiykarǵı jumısı sıpatında tańlanatuǵın dene tárbiyada túrleri, ózgesheliklerine de baylanıslı.

Dene tárbiyası hám sporttıń ómir menen baylanıslı tárepleri. Mektepke shekemgi tárbiya jasındaǵı orınlarda balalardı tiyisli dástúr tiykarında dene hám sport shınıǵıwlarına, oyınlarǵa úyretip, olardaǵı bul qızıǵıwshılıq qollap-quwatlap turadı. Bilimlendiriwdiń maqseti balalarda mektepke ótiw hám keleshekke dene tárbiyadan talaplardı jaqsı ózlestiriw ushın fizikalıq tayarlıq payda etiwden ibarat, sol tiykarda balalarda Ózbekstannıń belgili sportshıları, olardıń watanparwarlıǵı, issheńligi, batırlıǵı, shıdamlılıǵı, sheberligi, doslıǵı hám óz-ara járdem kibi qásiyetler, húrmet sezimi tárbiyalanadı.

Salamatlandırıwǵa qaratılǵan baǵdarda balalar salamatlıǵın bekkemlew wazıypaların orınlawda payda boladı. Sonıń ushın fizikalıq shınıǵıwlardı tańlawda bala organizmi hár tárepleme salamatlandırıwǵa qaratılǵan. Dene tárbiya shınıǵıwların jobalastırıwda salamatlıqtı bekkemlew nızamları esapqa alınǵan fizikalıq júkleme álbette esapqa alınadı. Bul is tárbiyashı, shıpaker hám baslıqtıń bárqulla shıpaker-pedagogikalıq baqlawı astında ámelge asırıladı. [7]

Balalarǵa fizikalıq tálim hám tárbiya beriw protsessinde tómendegi didaktik - tálim qollanıladı; sistemashılıq hám izshillik, ańlılıq, ǵárezsizlik, tálimniń kórgizbeli awızeki hám ámeliy usıllardı birge qosıp alıp barıw, túsinikli hám individual; tálimniń frontal, topar hám jeke túrde birligi, talabalardı asırıp barıw. [8]

**Tálim metodı hám usıllar -** Tálim metodları oqıw predmeti, anıq didaktikalıq wazıypalar, usıllar hám bilimlendiriw shártleriniń ózine tán ózgesheliklerine baylanıslı usıllar sistemasınıń túrli birikpelerinen ibarat.

Mektepke shekemgi tárbiya jasındaǵı balanıń nerv sisteması hám pútin organizmi júdá plastik hám sırtqı tásirge beriliwsheń boladı. Sonıń ushın mektepke shekemgi tárbiya jasındaǵı balalar menen shınıǵıw alıp barılǵanda psixikalıq hám fizikalıq kúshti sarplanatuǵın durıs waqıt hám onnan sońǵı dem alıw tárbiyashınıń tiykarǵı wazıypalarınan biri bolıwı lazım.

Mektepke shekemgi tárbiya jasındaǵı balalarǵa tálim beriwde olardıń jas ózgeshelikleri hám imkaniyatların esapqa alǵan halda tómendegi metodlardan paydalanıladı.

1. Kórgizbeli metod.
2. Awızeki metod.
3. Ámeliy metod.
4. Oyın metodı.
5. Jarıs metodı.

**Kórgezbeli metod** - háreket sezgirliginiń jaqsılanıwın támiyinleydi. Balalarda qábiletleriniń rawajlanıwın jaqsılawshı háreket haqqında júdá tolıq hám anıq túsinikti payda etiw ushın zárúr.

**Awızeki metod** - bul metod balalar ańına qaratılǵan, olar aldına qoyılǵan wazıypalardı túshinip alıwına hám shınıǵıwlar mazmunın hám dúzilisin ózlestirip alıwda úlken rol oynaytuǵın háreketli shınıǵıwlardı ańlı túrde orınlaw, bul shınıǵıwlardı túrli jaǵdaylarda erkin qollanıwǵa járdem beredi.

ISSN:
2181-3906
2024

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 3 / ISSUE 12 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

**Ámeliy metod** - balalardıń ámeliy háreketi menen baylanıslı bolıp, háreketlerdi óz muskul motor sezgilerinde durıs qáliplesiwin ámelde tekseriwdi támiyinleydi. Ámeliy metodlar shınıǵıwlardı oyın túrinde, jarıs elementlerinen paydalanıw menen xarakterlenedi. Ámeliy metodtıń túrlerinen biri bul oyın metodı.

**Oyın metodı -** balalar menen islesiwde nátiyjeli bolıp, kórgizbeli obraz hám kórgizbeli ámeliy tereń oy pikir elementlerin esapqa aladı. Ol túrli háreket kónlikpelerin, háreketlerdiń bekkemligin, ózgeriwshi sharayatqa qaray tez juwap reaktsiyasın bir waqıtta payda etiwge imkan beredi.

**Jarıs metodı** - mektepke shekemgi jastaǵı balalarǵa tálim beriwde ol tek pedagogikalıq basshılıq sharayatında qollanıwı múmkin. Jarıslar balalar kúshine mass bolıwı, tárbiyalıq shıdamlılıq páziyletlerdi tárbiyalaw, sonıń ushın óz jeńislerin hám basqa balalardıń jetiskenliklerin talabalarǵa ańlı múnásibette bolıw tiykarında durıs bahalaw jarıstıń májbúriy shártleriniń biri.

İzleniwsheń, batırlıq, sabırlılıq, doslıq sıyaqlı shıdamlılıq hám tárbiyalıq sezimlerdi tárbiyalawda jarıs metodınıń áhmiyeti júdá úlken. Lekin, sonnı umıtpaw kerek, birinshilik ushın básekelesiw, gúresiw jaman sezimlerdi oyatıwı múmkin. Sol sebepli jarıs metodına sheberlik penen pedagogikalıq basshılıq etken jaǵdayda ǵana ol ruwxıy tárbiya tarawında óz rolin aqlay aladı. Pedagogikalıq protsesste tálim metodlarınan keń qollanıladı.

Kórgizbeli yaki awızeki metodlardan soń dárhal balalar ámeliy háreketlerge, háreketlerdi erkin oırnlawǵa ótiwi kerek. Hár bir metod wazıypalardı sheshiwge járdem beretuǵın bir qansha usıllardan ibarat.

Usıl - metodtıń bir bólimi, onı toldırıwshı hám anıqlastırıwshı bólimi.

**Kórgizbeli metodqa tán usıllar:**

Balalardı háreketlerge úyretiwde kórgizbeliliktiń túrli usıllarınan paydalanıladı. Kóriw usılları háreket yaki ayırım háreket elementleriniń tárbiyashı tárepinen durıs hám anıq kórsetiliwinen; dógerek-átiraptaǵı ómir kórinislerine eliklewden; aralıqtı durıs basıp ótiwde gózelep alıwdan paydalanıw; kórgizbeli qollanbalar; teleesittiriwler, fotosúwretlerden, paydalanıwdan ibarat.

Taktikalıq - kórgizbelilik balalardıń háreket protsessine dene tárbiyası qollanbaların kirgiziw menen támiyinlenedi. Máselen: dizeni bálent kóterip juwırıw kónlikpesin payda etiw maqsetinde izbe-iz qoyılǵan jay formasındaǵı dárwazalar qollanıladı.

Juwırıw waqtında ayaqtı bul tosıqlardan kóterip ótiw balanıń dizeni bálent kóteriw kónlikpesin iyelewge járdem beredi.

Esitiw usılları háreketlerdi dawıs arqalı basqarıwǵa tiykarlanadı. Saz ásbapları hám qosıq eń jaqsı esitiw kórgizbesi bolıp esaplanadı. Olar balalarda estetikalıq tuyǵı hám emotsional kóterińkilik oyatadı, háreket xarakterin belgileydi, onıń ritmin basqaradı. Sonıń menen birge tárbiyashılar háreket hám ritmdi basqarıwda bubendan paydalanadı.

Kórgizbelilik usılları balanıń háreketlerin durıs qabıl etiw hám kóz aldına keltiriw, sezim ańınıń keńeyiwine, háreketlerdi basqarıwda óz-ózin basqarıwdıń payda bolıwına, ritmdi esitiw arqalı basqarıwǵa, sensor qábiletiniń rawajlanıwına xizmet etedi [35].

**Awızeki metodqa tán usıllar:**

Háreketlerge úyretiwde awızeki usıllar tómendegilerden ibarat:

- Bayan etiw hám túsindiriw - bunda balalarǵa olardaǵı bar ómirlik tájriybe túsinigine tayanǵan halda jańa háreketlerdi anıq, qısqa bir waqıtta túsindiriledi.

- Túsindiriw usılı - háreketlerdi anıq kórsetiw yaki onıń ayırım elementlerin anıqlaw tiykarındaǵı túsinik.

- Kórsetpe beriw usılı - tárbiyashı tárepinen kórsetilgen háreketlerdi qayta orınlawda yaki shınıǵıwlardı balalar erkin orınlawında zárúr bolatuǵın kórsetpeler.

- Gúrrińlesiw usılı - jańa fizikalıq shınıǵıwlar hám háreketli oyınlardı daǵazalaw hám háreketlerdi úyretiwde olardı túsintiriw, háreketli oyın syujetin anıqlastırıw talap etilgende aldınan ótkeriletuǵın gúrrıń.

- Soraw beriw usılı - tárbiyashı fizikalıq shınıǵıwlardıń orınlawınan aldın háreketlerdi orınlaw tártibin ańlaw dárejesin anıqlaw yaki mazmunlı háreketli oyınlar haqqındaǵı túsiniktiń bar - joqlıǵın tekseriw, qaǵıydalardı, oyın háreketlerin anıqlaw maqsetinde balalarǵa soraw beriw [37].

- Buyrıq beriw hám signallar beriw usılı. Máselen, «Toqtań! Bir, eki, úsh juwırıńlar», «Sekirip ayaqlardı jelke keńliginde ashıp turıń!». Bul buyrıqlar balalardıń juwap háreket reaktsiyasınıń tezligi hám anıqlılıǵın payda etetuǵın túrli intonatsiya hám dinamikanı talap qıladı. Bulardıń qatarına bálent dawısta dana-dana qılıp sanaw hám oyın baslamasın intonatsiyalı aytıw hám kiritiwge boladı.

- İntonatsiyalı mazmunlı gúrrıń usılı. Ol háreketlerdegi intonatsiyanı rawajlandırıw hám oyın obrazına jaqsı kiriw maqsetinde qollanıladı. Mazmunlı gúrrıń ertekti qısqa aytıp beriwge uqsaydı, 1,5-2 minut waqıt dawam etedi. Bunda tárbiyashı oyın mazmunın hám qaǵıydaların qısqa obrazlı túrde aytıp beredi. Mısalı: «Bar ekende joq eken, shıraylı qayırma shaqlı hám biyazar kúlreń aq ana eshki bar eken. Onıń balaları bar eken!»

Balalarǵa úyretiwde kórgizbeli hám awızeki usıllardıń maqsetke muwapıq qosıp alıp barılıwı, olardıń óz-ara baylanısı, háreketlerdi túsiniw hám qayta orınlaw anıqlıǵına hám obrazlılıǵın, balalar orınlaytuǵın háreketli tapsırıqlar, olar mazmunı hám hár bir háreket protsessiniń bárshe elementleri tártibin ańlı túrde túsiniwin támiyinleydi.

**Ámeliy metodqa tán usıllar.**

Balalardı háreketke úyretiwde tárbiyashı kórgizbeli hám awızeki usıllar menen baylanıslı túrde ámeliy usıllardan paydalanadı.

Ol shınıǵıwlardı, háreketli oyınlardaǵı ayırım rollerdi, basqarıwshı rólin orınlap kórsetedi, balalardı tapsırıqlarǵa tartıw hám úlgi kórsetip, olardı jarıslarda qatnasqanı ushın sıylıqlaydı. Mısalı, kim háreketli tapsırıqlardı tez, shaqqan, jaqsı, durıs orınlaydı, ol babalarǵa ózin qalay uslaw hám qalay háreket islewin kórsetedi.

Tárbiyashı balalardıń ámeliy jumısın shólkemlestirip atırıp, pútkil tálim protsessiniń shınıǵıwlarınıń wazıypaları, mazmunına muwapıq jobalastırıp beredi.

Balalarǵa dene tárbiyası shınıǵıwların úyretiwde hámme metod hám usıllardan paydalanıw kerek.

Dene tárbiyası protsessinde balalar háreket hám kónlikpelerdi iyelep baradı.

Háreket kónlikpesi - bul háreket texnikasın iyelew dárejesi bolıp, onda háreketlerdi basqarıp avtomat túrde keshedi hám háreketler óziniń nátiyjesi menen ajıralıp turadı.

Háreket kónlikpeleriniń, bala ushın ámeliy áhmiyeti júdá úlken. Payda bolǵan kónlikpeler fizikalıq hám psixikalıq kúshlerdi tejew menen sarplanadı, háreketlerdi tez hám anıq orınlaw imkánın beredi

**REFERENCES**


1. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2018 yil 5 martdagi “Jismoniy tarbiya va sport sohosida davlat boshqaruvi tizimini tubdan takomillashtirish chora-tadbirlari to‘g‘risida”gi PF-5368-sonli Farmoni
2. “Jismoniy tarbiya va ommaviy sportni yanada rivojlantirish chora-tadbirlari to‘g‘risida”gi O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2017-yil 3-iyundagi PQ-3031-sonli qarori..
3. O‘zbekiston Respublikasi Prezidenti Sh.M.Mirziyoevning 2018-yil 5-martdagi “Jismoniy tarbiya va sport sohasida davlat boshqaruvi tizimini tubdan takomillashtirish chora-tadbirlari to‘g‘risida”gi PF-5368-son farmoni.
4. Ózbekiston Respublikasi «Jismoniy tarbiya va sport to’g’risida»gi Qonuni (1992, 2000,2015) Vazirlar Maxkamasining 1999 yil 27 may.
5. Ózbekistan Respublikası Prezidentiniń Dene tárbiya hám sporttı elede rawajlandırıw haqqındaǵı qararı” 2017-jıl 3-iyun, PQ-3031-sanlı qararı.
6. Sporttı rawajlandırıw ministrligin dúziw haqqındaǵı O‘zbekistan Respublikası Prezidentiniń 2022-jıl 18-fevraldaǵı PQ-136-sanlı qararı.
7. «Ōzbekiston sportchilarini 2021- yil Tokio (Yaponiya) shahrida bólib ótadigan XXXII yozgi Olimpiya va XVI Paraolimpiya óyinlariga tayyorgarlik kórish tóǵrisda» gi Prezident Farmoni.
8. Ózbekiston Respublikasi Prezidentining 2020 yil 24 yanvardagi “Ózbekiston Respublikasida jismoniy tarbiya va sportni yanada takomillashtirish chora-tadbirlari tóǵrisidagi Prezident Farmoni .
9. Jumaniyazov D.(2024) GREK RIM GURESINDE SHIDAMLILIQ HAM ONI RAWAJLANDIRIW METODLARI .Modern science and Research. 3(6)